

Eta New York

# Kijan pou w Fè Apèl kont Detèminasyon LRAP Ou a

## Kisa yon detèminasyon LRAP ye?

Yon detèminasyon LRAP se desizyon nou sou aplikasyon pou asistans LRAP ke yon mèt kay/pwopriyetè te depoze. Si ou pa dakò ak nenpòt pati nan desizyon an, ou ka depoze yon Apèl. Si nou te fè yon erè, nou pral korije li.

**Remake:** Yon detèminasyon LRAP se yon apwobasyon oswa refi aplikasyon LRAP la.

## Ki moun ki ka fè apèl la?

Sèl mèt kay/pwopriyetè yo ki ka fè apèl.

## E si mwen panse se sèlman yon pati nan desizyon an ki pa bon? Èske mwen ka toujou fè apèl?

Wi. Si ou pa dakò ak tout oswa yon pati nan detèminasyon ou, ou ka fè apèl.

## Kòman mwen ka mande yo apèl?

Ou kapab mande yon apèl pa telefòn oswa sou entònèt.

### Pa telefòn:

Pou mande yon apèl nan telefòn, tanpri rele 844-NY1RENT (844-691-7368). Pou moun ki gen difikilte pou tandem, nou ka rele nimewo TTY nan 1-833-843-8829.

### Sou Entònèt:

Pou fè apèl sou entònèt, tanpri ranpli [Fòmilè Apèl pou Pwogram Asistans pou Lwave](#) a. Pou enstriksyon sou kouman pou ranpli fòmilè apèl la li [Enstriksyon Fòmilè Apèl LRAP la](#).

## Ki dat limit mwen genyen pou depoze yon Apèl?

Ou gen trant (30) jou apati dat notifikasyon detèminasyon LRAP ou a pou mande yon apèl.

## E si mwen rate dat limit 30-jou pou fè apèl la?

Si ou panse ou te rate dat limit pou Fè Apèl la, ou ta dwe mande yon Apèl epi eksplike rezon ki fè ou te rate dat limit la.

## Kilè pou mwen eksplike poukisa mwen panse desizyon an pa bon e poukisa mwen ap depoze apèl la?

Si ou fè apèl ou pa telefòn, ou ka di ajan an poukisa ou bezwen yon apèl. W ap kapab telechaje dokiman pou sipòte apèl ou a, epi ou ka mete ladan yon eksplikasyon alekri avèk dokiman ou yo. Si ou depoze yon Apèl sou Entònèt, alò ou ka eksplike poukisa w ap mande yon Apèl nan fòmilè Apèl la. Ou pral gen tou opsyon pou ajoute yon eksplikasyon alekri si ou telechaje dokiman yo.

## **Èske mwen pral jwenn konfirmasyon ke mwen te fè yon Apèl?**

Wi. Si ou mande yon Apèl pa telefòn, ajan telefonik lan pral ba ou yon nimewo demann sèvis. Si ou mande yon Apèl sou entènèt, ou pral jwenn yon mesaj tanporè ki di: "Mèsi! Yo soumèt fòm demann apèl pwogram asistans pou lwaye ou a. Tanpi enprime oswa pran foto ekran paj sa a pou kenbe kòm dosye ou."

## **Apre ou fèl apèl la: Notifikasyon Konfirmasyon ak 10 jou pou soumèt nenpòt ki dokiman adisyonèl.**

### **Kisa k ap pase apre mwen mande yon Apèl?**

Aprè ou fin fè Apèl la, ou pral resevwa yon Avi Konfirmasyon alekri nan men nou ke n ap voye swa pa imèl oswa pa lapòs regilye selon jan ou te chwazi pou resevwa komunikasyon nan men nou. Avi sa a konfime ke nou te resevwa Apèl ou epi eksplike ke ou gen dis (10) jou apati dat ou te resevwa Notifikasyon Konfirmasyon ou an pou bay nou nenpòt lòt dokiman oswa enfòmasyon ki eksplike poukisa ou panse desizyon nou an pa te bon.

### **Kòman mwen ka soumèt dokiman pou sipòte Apèl mwen an?**

Ou ka soumèt dokiman ou yo sou entènèt lè w swiv enstriksyon sa yo pou telechaje dokiman ou yo:

1. Klike sou lyen sa: <https://nysrenthelp.otda.ny.gov/en/>.
2. Answit, konekte nan kont ou an.
3. Apre w fin konekte, ale nan seksyon Mèt Kay/Pwopriyetè a epi nan Meni Mèt Kay/Pwopriyetè nan pati adwat paj la, klike sou "Telechaje Dokiman" yo.
4. Apresa, chwazi Nimewo Pwopriyetè/Antite Legal ou a. Answit, chwazi Nimewo Aplikasyon ERAP la nan lis aplikasyon yo ki anekse nan Nimewo Pwopriyetè/Antite Legal ou te chwazi anvan an.
5. Answit, chwazi kalite dokiman apwopriye a nan twazyèm meni dewoulan an. Answit, telechaje dokiman apwopriye a lè w klike sou bouton "Chwazi Fichye" anba meni dewoulan Kalite Dokiman an. Chwazi dokiman apwopriye a nan fenèt dyalòg la epi klike "Ouvri". Tit fichye a ap parèt anba bouton "Chwazi Fichye" a.
6. An final, fini yon Validasyon Captcha lè w klike sou bwat ki toupre "Mwen pa yon wobo" epi klike sou bouton mov "Telechaje Dokiman" pou finalize telechajman dokiman an.

Soumèt dokiman ki obligatwa yo youn apre lòt.

### **Mwen gen pwoblèm pou telechaje dokiman pou sipòte Apèl mwen an. Kijan mwen ka jwenn èd?**

Ou ka kontakte nou atravè nenpòt nan metòd annapre yo:

- Kontakte nou nan telefòn: 844-NY1RENT (844-691-7368)
- Pou moun ki gen difikilté pou tandé, nimewo telefòn TTY: 1-833-843-8829.
- Kontakte yon Òganizasyon ki Baze nan kominote (Community-Based Organization, CBO) a – [Gade lis òganizasyon kominotè yo ki disponib pou ede mèt kay yo.](#)

## **Èske mwen dwe soumèt dokiman pou sipòte Apèl mwen an?**

Non. Ou pa bezwen soumèt okenn nouvo dokiman pou sipòte Apèl ou an. Si ou pa telechaje okenn dokiman adisyonèl ki di nou poukisa ou panse desizyon nou an pa te bon nan espas dis (10) jou apre ou te resevwa Notifikasyon Konfirmasyon ou a, nou pral revize sa nou genyen deja a. Yon ekip revizyon pral regade aplikasyon w lan ak dokiman ke ou te soumèt ak aplikasyon w lan.

## **Ki jan nou pral deside Apèl ou a?**

Yo asiyen apèl ou bay yon Espesyalis Apèl endependan ki pral revize aplikasyon inisyal ou a, dokiman ou te soumèt pou sipòte aplikasyon w lan, nenpòt enfòmasyon ou bay ki eksplike poukisa ou pa dakò ak detèminasyon an, ak nenpòt ki dokiman adisyonèl ou soumèt pou sipòte apèl ou an. Espesyalis Apèl la fè yon rekòmandasyon si wi yo ta dwe akòde apèl ou a ou non. Answit yon revizè dezyèm nivo ap gade tout bagay sa yo epi fè yon detèminasyon final. Yon fwa ke nou pran yon detèminasyon final sou Apèl ou a, ou pral resevwa yon notifikasyon ki deklare si desizyon orijinal la te kòrèk oswa pa te kòrèk epi l ap korije, epi y ap voye swa pa imèl oswa pa lapòs regilye selon fason ou te chwazi pou resevwa komunikasyon nan men nou.

## **E si mwen gen kesyon sou pwosesis Apèl la?**

Si ou gen nenpòt kesyon, ekip Sèvis Kliyan nou an disponib lendi rive samdi apati 8am rive 7pm EST. Ou ka kontakte nou atravè nenpòt nan metòd annapre yo:

- Kontakte nou nan telefòn: 844-NY1RENT (844-691-7368)
- Pou moun ki gen difikilte pou tandem, nimewo telefòn TTY: 1-833-843-8829.
- Kontakte nou nan Webchat: [Konvèse avèk yon reprezante](#).